ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№28 (23.186) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 17, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къулыкъу

КІуэкІуэ Юрий и унафэкІэ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министру Хьэсанэ Ислъам ягъэуващ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгуасэ Іэ зыщІидза указым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министру ягъэуващ нэхъапэм КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэу лэжьа Хьэсанэ Ислъам. Иужь зэманым «ДыгъафІэ кьалэ» творчествэмкІэ сабий академием и унафэщІым и кьалэнхэр игъэззэщІащ.

Хьэсанэ Ислъам Марат и къуэр 1973 гъэм Налшык кьалэ къыщалъхуащ. Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэ Управленэмкіэ Мэзкуу къэрал университетыр къиухащ.

Илъэс пщыкІутхум щІигъуауэ республикэм и гъэзэщІакІэ властым хэтщ. 2002 гъэм щыщІэдзауэ 2009 гъэ пщІондэ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм туриндустриемрэ и Іуэхущіафэхэр зэшІохьэІуэнымрэ зегъэужьынымкІэ и кьудамэм и унафэщІу щытащ. Щхьэгъусэ, бынищ иІэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Сабий зеиншэхэм мылъкумкІэ яІэ хуитыныгъэхэр зыхъумэну къэрал Іэнатіэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІуІэр иригъэкІуэкІащ. Абы къыщащта унафэм ипкъ иткІэ Парламентым и пленар зэІуІэр зэхьыхьэнущ мазаем и 25-м.

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМ Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узынщаагъэ хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Бгъэжьнокъуэ Зурьят депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу кьана сабийхэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ КъБР-м адэкІи щызэфІагъэкІыпхъэхэм я Іуэхуіэ» КъБР-м и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэзылъхьэ законопроектыр. Абы еўбзыку КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящыщу сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу кьэна сабийхэм, абыхэм пальит адрей цІыхухэм псэупІэхэр яхуэхэныгъэ мылъкумкІэ яІэ хуитыныгъэхэр хъумэныгъэ елэжьыну Іэнатіэ пыухыкІар. Мы проектыр кьащтэмэ, псэупІэ зратын хуей сабий зеиншэхэм я спискэ зэгуэтыр зэрагъэхьэзырым, абыхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэ фонд хэха къыззрыщыізрагъэпэщым, сабий зеиншэхэм социальнэ зэгурыІуэныгъэхэм тету псэупІэхэр зэрыратым, сабий зеиншэхэр спискэ зэгуэтым къызэрыхагъэкІыжым нэхъ тэмэму иКІи нэгъэсауэ кІэлъыпІъыхьнущ.

БюджетымкІэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ Афэщ Іагъуэ Михаил президиумым и зэІуІэм къыщыхилъхьащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр. Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, а зэхъуэкІыныгъэхэр законым хамылъхьэу хъунукъым федеральнэ бюджетым къыхэкІыу аргуэру сом мелуан 15,4-рэ къызэрауТІыпщым, республикэ бюджетым и ахъшэм щыщу сом мелуани 195,3-рэ статья зэмылІэужьыгъуэхэм щыщу къызэщІагъэуІуэжу Налшык къалэм щауху Перинатальнэ центрым зэрыратыжым къыхэкІыу.

А комитет дыдэм игъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджет Іуэхур къызэрыщызэрагъэпэщым иКІи бюджет лэжьыгъэр зэрыщрагъэкІуэкІым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэзылъхьэ проектри. Мыр ягъэхьэзырын хуей щІэхъуэр УФ-м и Бюджет кодексым иджыблагъэ зэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр зэхъуэкІыарщ. Законопроектым кьегъэуэ бюджетым теухуа законым зэхъуэкІыныгъэхэр хамылъхьэу бюджет ахъшэр зэрытрагъашэ тхыгъэ зэгуэтым зэхъуэкІыныгъэхэр щІыхалъхьэ щхьэусыгъэхэр ягъэмэщІэну.

Апхуэдэу зэІуІэм щытепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныгъэмкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ кьыззгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхуіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и 29-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектым, апхуэдэу УФ-м и субъект щхьэхуэхэм законхэр кьыдэзыгъэкІ я органхэм кьабгъэдэкІ тхыгъэ зыбжанэм.

Къагъэхьа документхэм хэплъэри, депутатхэм унафэ кьащтащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редакцэ» кьэрал кІэзонэ Іуэхуіэ Іапі эм щэнхабзэм зегъэужьынымкІэ куэд зэрилэжьам кьыхэкІыу КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Промышленность

Зэраубзыхуам тету йолэжь

Тырныауэ вольфрам-молибден къыщІэхьпІэм и лэжьыгъэр зэтеублэжьным Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІэхэр гулъытэ хуащІ. Комбинатыр ирагъэжьжмэ, Тырныауэ кьалэм зиужьынущ, республикэм и щІыналъэм Іэнатіэ зэпыщІэныгъэхэр щызэтеувэжынущ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и промышленнэ предприятэхэм пкъыгъуэ бдзэ зэхэгъэжьахэм Іэмэпсымэ хьэзырхэр къыщыхащІыкІыну лъэщапІэхэр къыщыізэІуахьфынущ.

ТЫРНЫАУЗ вольфрам-молибден къыщІэхьпІэм и проектыр республикэм и металлургие Іэнатіэм зэрызиужьынум и лъабжьэр зыгъэпІытьыну Іуэхуіэщ. Предприятэр ирагъэжьэжьым мурадкІэ, руда гъэтІылъыгъэхэр кьэгъэсэбэпыныкІэ Федеральнэ агентствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и 8-м Зэгурыіуэныгъэ зэрращІылІащ. Абы ипкъ иткІэ, а Іуэхущ Іапі эм и пщэрылъ (полномочие) щхьэхуэхэр республикэм и гъэзэщІакІуэ властым кьратащ.

Ягъэхьэзыра Планым зэрыщыубзыхуам тету, вольфрам-молибден гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдизыр кьрагъэлъытэн папщІэ, 2015 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым и хьэкъкІэ, а лэжьыгъэр зэфІэзэгъэкІынур кьыщыхаха зэпеуэ ирагъэкІуэкІащ. Абы щытекІуащ «Урысей технологиехэр» къэрал корпорацэм хыхьэ «Гипроцветмет» акционер обществэ зэІуІэр.

2015 гъэм фокІадэм и 21-м зэращІылІа къэрал зэгурыІуэныгъэ №91-м ипкъ иткІэ, лэжьыгъэм и япэ Іыхьэр зэригъэзэщІам и отчётыр «Гипроцветмет» ОАО-м нэгъабэ дыгъэгъазэм и 10-м иташ. Республикэм щІыгу хъугъуэфІыгъуэхэр кьэгъэсэбэпыныкІэ и Іуэхущ Іапі эм и Іэщ Іагъэлъэм а тхьилъхэр зэгурыІуэныгъэм кьигъэувкІэ зэрезэгъыр кьэпщытащ иКІи арэзы техъуащ.

Къэрал зэгурыІуэныгъэм и япэ Іыхьэм пыщІа лэжьыгъэхэр гъэзэщІа зэрызыхъуам теухуа актым нэгъабэ дыгъэгъазэм и 11-м КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм Іэ щытрадзащ. Проектыр экспертизэ ирагъэщІын папщІэ, мы гъэм щІышылэм и 20-м «ГъэтІылъыгъэхэмкІэ къэрал коммисэ» ФБУ-м тхылъхэр ираташ. А лэжьыгъэр ГъатхэпІэм и 31-м яухыну. Урысей Федерацэм ЩІыуэпс гъэтІылъыгъэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм игъэхьэзыра планым тету, Тырныауз вольфрам-молибден къыщІэхьпІэм и гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдизыр щІэрыщІэу кьрагъэлъытэн щхьэкІэ, щІыгу хъугъуэфІыгъуэхэм елэжьыну хуит щІынур къыщыхаяну зэпеуэ мы гъэм и ещанэ кварталым ирагъэкІуэкІынущ.

Тырныауз къыщІэхьпІэм и гъэтІылъыгъэхэр инвентаризацэ ящІа нэужь, ахъшэ Іуэхур зэІубэ хъунущ, инвесторыр инвестицэ проектым тыншу хыхьэнурэ, гъэзэщІэн щІидзэнущ.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Сабиигъуэ»

● Тхьилъыщ Іэ

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ адзанэхэм, сабий садхэм щыІэ гъэсакІуэхэм, пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэхэм папщІэ тхылъ гъэщІэгъуэн. Ар зэхигъэуващ Къуэдзокъуэ (Мэлей) ФатІимэ.

КЪУЭДЗОКЪУЭР илъэс 20-м щІигъуауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм редактору щолажьэ, езыми псысэхэр, рассказхэр етх. Абы кьыхэкІыу фІыуэ щыгъуазэщ сабий литературэр къыззрыдэмэщІэкІым. «Мы хрестоматиер сабийхэм кьахуэщхьэпэнчуэ я анэдолъхьэзм кьабзэу ирипсэлъэфу, шэрыуэу я гупсысэхэр кьАІуэтэфу есэныкІэ, зэхэщІыкІыгъуэу дэтхэнэ зы тхыгъэми кьеджэф хъунымкІэ», - щетх псалъэпэм ФатІимэ.

Тхылъыр икъукІэ гъэщІэгъуэну зэхэгъуэващ. Дунейм и кьэхъукъащІэхэм, гъащІэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ куэдым сабийхэр тыншу щыгъуазэ хуащІынущ абы щызэхуэхьэса тхыгъэхэм.

ЕгъэджакІуэхэм классщІыб лэжьыгъэхэр, семинархэр, литературэр пшыхьэхэр щагъэхьэзыркІэ зыхуеину тхыгъэ куэд щызэхуэхьэсащ тхылъым, школым щІэмытІысхьа щыкІуэхэми я ныжьым елъытауэ нэхъ гурыІуэгъуафІэ ящыхьну кьебжэкІхэр, бзэ гъэбзэрабзэхэр кьыщагъуэтынущ.

Тхыгъэхэр Іыхьэ зэмылІэужьыгъуэу зэщІэхьащІ. «Дыкъэзыухъуреихь дунейр», «Псэущхьэхэмрэ кьуалэбзухэмрэ», «Хадзэкэ кІэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, кьэкІыгъэхэр», «Таурыхъэхэм дыщохьэщІэ», «Уэ пщІэрэ?», «Лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр», «Дыщыпсэу щІынальэр», «Зэныбжьэгъуныгъэ», «Іуэхуфіхэр лэжьын», «Си бзэм сыхуоусэ», «Лъэпкъыр зэрыгушхуэхэр», «Сабий театрым папщІэ», «Нарт хъыбархэр», «Сабийхэм я Іуэхущ Іафэхэр», «Унагъуэ», «Кьэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хъыбархэр», «Хъужэ и хъыбархэр», «ТхьэлъэІуэхэр», «Іуэрыіуатэ» Іыхьэхэм дэтхэнэми сабийм дунейм гъэщІэгъуэн кьыхуэзІуах. Псалъэм папщІэ, «Дыкъэзыухъуреихь дунейм» цІыкІуэхэм кьыщащІэнущ илъэсым и зэманхэр, абыхэм я шыфэлІыфэхэр, дунейм и кьэхъукъащІэхэр зыхуэдэр. «Лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэм» Іыхьэм щыгъуазэ ищІынущ адыгэм и гъащІэм кьыдекІуэкІ Іуэхугъэм, хабзэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ куэдми. Ахэр псори тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ щІэгъэбыдэжащ, псалъэ гугъуэхэр кьыхэгъэщарэ я мыхьэнэр урысыбзэкІэ кьыщыхьауэ. Тхыгъэхэм я кІэухым кьуажэхьэхэр, псалъэжьхэр е абы хэт лІыхьужьхэм жаІа псалъэ Іущхэр кІэщІэтщ.

«Сабиигъуэ» тхылъым ихуащ адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я Іадакъэщ Іэкіхэм я мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщхэм я тхыгъэхэу ди бзэкІэ зэдэхІахэри. А псом къыдэкІуэу, ар щІэщыгъуэу гъэщІэрэщІащ. Тхыгъэхэм я нэхъыбэм абы зи гугъу щыщІам теухуа сурэт щхьэхэплъыкІэхэр я гъусэщ. Іыхьэхэм, тхыгъэхэм я щІэхэр плъыфэ зэхуэмыдэхэмкІэ тхащ, шэч хэмылъу, абыхэми тхылъым удрагъэхьэх.

- Илъэсрэ ныкъуэкІэ селэжьащ тхылъым, - жеІэ Къуэдзокъуэ ФатІимэ. - Егъэджакіуэхэм, адэ-анэхэм, псом хуэмыдэу сабийхэм яфІэгъэщІагъэн хъунущ къэслъытэхэр абы щыізэхуэсхьэсащ. Тхылъыр зэрыгъэщІэрэщІауэ щытыными си гупсысэ хэслъхьащ. Абыкіэ сурэтыщІ Алиев Юрийрэ сэрэ ди еплъыкІэхэр зэтехащ иКІи ар сэ нэгу къыізэрыщІэзэгъэхьам хуэдэу игъэщІэрэщІэн абы хуэзфІэкІащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Дунейм и щыхъыбархэр

Унэхэр зэрагъэпэщыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и правительствэм игъэбеджьлащ фэтэр куэд хъу унэхэр 2014 - 2044 гъэхэм зыхуей зэрыхуагъэзэнур. НэгъуэщІ жьпІэмэ, дэтхэнэ унэми и чэзур яубыхущ.***

ПРОГРАММЭР ягъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ фэтэр куэд хъу унэ 17-м я унащхьэхэр зыхуей хуагъэзащ, кьат куэду зэтет унитІым екІуалІэ бжьамийхэр зэрахъуэжащ, зым и щыбыр зэрахьащ. Нэгъабэ щІыпІэ бюджетым и мылъкукІэ унэ 13, щІынальэ фондым и ахъшэкІэ унэ 31-рэ зыхуей хуагъэзащ, кьет КъШР-м и Іэтащхьэмрэ правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм.

Кавказ республикэхэр Абхъазым пызыщІэну гъуэгу

АБХЪАЗ. ***«Китай гъущІ гъуэгуэр» компанием и лІыкІуэхэр яужь ихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым-рэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Абхъазым, тенджызыІ Фыщіэм и Іуфэм пызыщІэну гъуэгум и проектым.***

КИТАЙ компанием и инженерхэр Урысей Федерацэм мыгувэу кьэкІуэнущ. «Регион-Проект» ООО-м зыужьынымкІэмкІэ и унафэщІ Фалилеев Владимир зэрыжиІамкІэ, инженерхэм зыхуеину къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІынущ, ухуэныгъэр нэхъ къыщІэзэгъ щыпІэхэр яубзыхунущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ФщІэн папщІэ

Щэбэтым долажьэри, махуищкІэ зыдогъэпсэхуж

Хэкум и хъумакІуэм и махуэр щагъэлъапІэ мазаем и 23-р мы гъэм гъубжу зэрытехуэм кьыхэкІыу, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкІэ дызыкъуэкІуэ щабэт махуэм (мазаем и 20-м) и зыгъэпсэхугъуэр блыщхьэм ягъэІэпхъуащ.

Араши, мы тхьэмахуэм зэкІэлъхьэужьу махуихкІэ дылэжьэнурэ, иужькІэ мазаем и 21-м щыщІэдзауэ 23 пщІондэ зэкІэлъхьэужьу зыдгъэпсэхунущ. Абыхэм япэ кьихуэ мазаем и 20-м лэжьэгъуэ махуэр зы сыхьэткІэ ягъэмэщІэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Доллар меларди 8 и уасэ

Израиль и дзэхэр Іэщ ащкІэ зэщІиузэдэным доллар меларди 8 зэрыхухихынум теухуа хъыбарыр псынщІэ дыдэу зэбграхащ агентствэхэм.

Іэщэр абы щищэхуну и мурадыр Урысей Федерацэрщ. Уеблэмэ, ар зыхуеину лІэужьыгъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ ди къэралым къыІэригъэхьакІэщ. Іэщэ ирищэм и мызакъуэу, Урысейр Ираным сэбэп хуэхъуфынущ ахэр зэгъэпэщыжынымкІи. Псалъэм папщІэ, урысей МиГ-29, Су-24МК кхъухьлъатэхэм, псыщІагъырыкІуэ кхъухьхэм сэкъат ягъуэтмэ, абыхэм елэжьыфынущ ди къэралым и Іэщ Іагъэлъхэр.

Ираным зыхъумэжынымгъэмкІэ и министр Дехган Хьусейн иджыблагъэ УФ-м къыщІэкІуэм и щхьэусыгъуэрэ абыкІэ зэгурыІуэнуарауэполитологхэм кьалъытэ.

ЛъэІум хоплъэ

Босниемрэ Герцеговинэмрэ Европэ Зэгуэныгъэм хьыхьну зэрыхуейм теухуауэ ята лъэІу тхылъым ЕС-м щыхоплъэ.

ЕС-м и лІыкІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, а къэралыр зыкатъхьэну кьыщІэкІынущ, ауэ абы папщІэ Іэху куэд зэфІэгъэкІын хуей хъунущ.

«Псалъэм папщІэ, къэралым и экономикэм зеГъэужьыным хузунэтІа лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІыну, цІыхухэм я щхьэ зэрагъэпэсужын Іэнатіэщ Іэхэр къыщІэхьахьну къьпэщытщ. ПсалъэитІ-щыкІэ пхужьІэ щхьэкІэ, бгъэзэщІэну яужь уихьэмэ, ахэр икъукІэ кьалэныщхэущ, зэман мымащІэ текІуэдэнущ», - щыжаІащ ЕС-м.

♦Гумащ Іагъэр къэгъэ-

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуащ Іагъэ:

Жеймрэ гугъэмрэ адэ щІэиныфІщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Пщ Іэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Сурэтыр **Къэрей Элинэ** *трихащ.*

Фигу къыдогъэкІыж 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр зэриухар. Ауэ мазаем и 21 пщІондэ Іэ щІэвдамэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ. Мазипл Іым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кІэпІейкІэ 92-рэщ.

Ди индексыр 51531

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъэуІэкІэ щыІэ ныдэсапІэ хъун телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергиер тэмэму къыщыгъэсэбэпынымрэ энергетикэм зыщегъэужьынымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013-2020 гъэхэм ятеухуа и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 3-м №11-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергиер тэмэму къыщыгъэсэбэпынымрэ энергетикэм зыщегъэужьынымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013-2020 гъэхэм ятещIыхьа и программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа унафэ №310-ПП-мкIэ къыщIэтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным эзыгъэтым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **МУСУКОВ Алий**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа унафэ №163-ПП-м и гуэдзэн №1-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 1-м №13-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Украинэм и цIыхухэм, гражданствэ зимыIэ цIыхуу Украинэм и щIыналъэм зэпымыууэ щыпсэухэм ящыщу зэрыIыгъыу пIащIэгъуэкIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэм къэкIуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм пIалъэкIэ къыщызэрагъэпэща хэщIапIэхэм щIыIэхэм псэун папщIэ зыхуеину Iэмалхэр пIалъэкIэ кьахузэгъэпэщыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа унафэ №163-ПП-м и гуэдзэн №1-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и ещанэ-епщыкIуэзэ абзацхэм кьару ямыIэжу кьэпытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **МУСУКОВ Алий**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт школхэм я еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я деж «Школымрэ хэхьыныгъэхэмрэ» республикэ конкурс щегъэкIуэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 12-м №128/3-5 ***Налшык къалэ***

ХэхакIуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр къэIэтыныжмкIэ, хэхьныгъэхэмрэ референдумхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыIэзэщIэнэщхэм егъэджэныжмкIэ 2016 гъэм зэфIагъэкIын хуей Iуэху нэхъыщхьэхэм я план зэгуэтым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм щIышлэм и 26-м къыдигъэкIа унафэ №127/2-5-мкIэ къыщтам, кьигъуэвхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт школхэм я еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я деж «Школымрэ хэхьныгъэхэмрэ» республикэ конкурс (адэкIэ - Конкурсщ) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм щIыгъуу егъэкIуэкIын 2016 гъэм мазаем и 20-м щегъэжьауэ 2016 гъэм мэлыжьхьыем и 30-м нэсыху.

2. Конкурсым теухуа Положенэмрэ Конкурсым кьрикIуэхэр кьэпщытэжыныжмкIэ республикэм и конкурс комиссэм (адэкIэ - Конкурс комиссэщ) хэтхэмрэ кьэщтэн.

3. Конкурс комиссэм хуэгъэувын Конкурсым кьрикIуэхэмрэ текIуэхэм, увыпIэ нэхъыщхьэхэр эыбыдахэм я кандидатурэхэмрэ ятеухуа материалхэр 2016 гъэм мэлыжьхьыем и 22-м фIэмыкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм иритыну.

4. Конкурсыр егъэкIуэкIыным текIуэдзэнур кьыхэхьн хэхакIуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщIыкIыр къэIэтыным, хэхьныгъэхэмрэ референдумхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыIэзэщIэн егъэджэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм хухиха ахъшэм.

5. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Джаппуев М.Хь.

6. Мы унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуегъэхьын, цIыхуб хэыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщым и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ С.В.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ М.Хь.

Прокуратурэм и къулыкъущIэхэр цIыхухэм яхуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и унафэщIхэр цIыхухэм зэрагущIэнур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор **Жариков Олег Олег и къуэр**

гъубжым сыхьэти 10-12-хэм

пэш №311, телефоныр 40-10-44

КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ **Жекеев Алик Мыхьмуд и къуэр**

бэрэжьейм сыхьэти 10-12-хэм

пэш №406, телефоныр 40-20-22

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ **Лаврешин Юрий Иван и къуэр**

махуэкум сыхьэт 15-17-хэм

пэш №402, телефоныр 40-59-80

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ **Махуэ Артур Лоль и къуэр**

мэремым сыхьэти 10-12-хэм

пэш №210, телефоныр 40-46-80

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым хуэзэнухэр етх КъБР-м и прокурорым тхьэусыхафхэм хэпльэмыкIэ, цIыхухэм яхуэзэнымкIэ, правовой Iэхуэхэмкlэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжьым (пэш №101, телефоныр 40-03-70)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и къуэдзэхэм яхуэзэнухэр ятх КъБР-м и прокурорым и къуэдзэхэм я приёмнэхэм щIэс лэжьакIуэхэм (телефонхэр графикым кьыщыгъэлъэгъуащ)

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ Налшык къалэм Кулиевым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №16-м цIыхухэм щахуозэ дежурнэу лажьэ прокурорыр (пэш №109, телефоныр 40-45-51)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и аппаратым и къудамэхэу Налшык къалэм Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №16-м цIыхухэм я унафэщIхэр цIыхухэм зэрагущIэнур

Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыныжмкIэ къудамэм и унафэщI **Жамырзэ Артур Владимир и къуэр**

пэш №209, телефоныр 40-30-51

Федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыныжмкIэ управленэм и унафэщI **Къаскъул Iэниуар ФуIэд и къуэр**

пэш №405, телефоныр 40-45-50

Къэрал кIуэцI органхэм, наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъплъыныжмкIэ органхэм, суд приставхэм я къулыкъущIапIэм ирагъэкIуэкI уголовно-процессуальнэ лэжьыгъэм кIэлъплъыныжмкIэ къудамэм и унафэщI **Мэсей Аскэр Хьэжмусэ и къуэр**

пэш №108, телефоныр 40-30-51

Урысейм Следственнэ комитетым и комитетым и органхэм хабзэншагъэхэр зэрызэхагъэкIым кIэлъплъыныжмкIэ къудамэм и унафэщI **Мизиев Магомед Таукъан и къуэр**

пэш №204, телефоныр 40-45-56

Федеральнэ шынагъэншагъэмкIэ, лъэпкъ зэхуэщытыкIэхэмкIэ, экстремизмэм пэщIэтыныжмкIэ законхэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыныжмкIэ къудамэм и унафэщI **Шурдым Анзор Юрий и къуэр**

пэш №207, телефоныр 40-45-54

КъБР-м и прокурорым тхьэусыхафхэм хэпльэныжмкIэ, цIыхухэм яхуэзэнымкIэ, правовой Iэхуэхэмкlэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь **ЗекIуэрей Заур Хьэсэн и къуэр**

пэш №101, телефоныр 40-03-70

Республикэм и прокуратурэм и аппаратым и унафэщIхэр цIыхухэм яхуозэ лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 9-18-хэм, мэрем махуэм сыхьэти 9.00-16.45-хэм (сыхьэт 13.00-13.45-хэм зыгъэпсэхугъуэщ)

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ Налшык къалэм Кулиевым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №16-м цIыхухэм щахуозэ дежурнэу лажьэ прокурорыр (пэш №109, телефоныр 40-45-51)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и аппаратым и къудамэхэу Налшык къалэм Щоджэнцыкlум и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №15-м щыIэхэм я унафэщIхэр цIыхухэм зэрагущIэнур

Судэкр граждан, арбитражк Iуэхухэм щыхэпльэкIэ прокурорхэр хэтыныр къызэгъэпэщыныжмкIэ къудамэм и унафэщI **Туменов Елдар Бауцу и къуэр**

пэш №204, телефоныр 42-48-18

Уголовнэ-суд къудамэм и унафэщI **Чеченов Борис Щамил и къуэр**

пэш №203, телефоныр 42-33-27

Уголовнэ тезыркэр щрагъэпшынкIэ законхэм зэрытетым кIэлъплъыныжмкIэ къудамэм и унафэщI **Къуэкъуей Артик Уэлид и къуэр**

пэш №201, телефоныр 40-45-47

Республикэм и прокуратурэм и аппаратым и унафэщIхэр цIыхухэм яхуозэ лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 9-18-хэм, мэрем махуэм сыхьэти 9.00-16.45-хэм (сыхьэт 13.00-13.45-хэм зыгъэпсэхугъуэщ)

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ Налшык къалэм Кулиевым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №16-м цIыхухэм щахуозэ дежурнэу лажьэ прокурорыр (пэш №109, телефоныр 40-45-51)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и аппаратым и къудамэхэу Налшык къалэм Щоджэнцыкlум и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №15-м щыIэхэм я унафэщIхэр цIыхухэм зэрагущIэнур

Туменов Елдар Бауцу и къуэр

Махуэкум сыхьэти 14-17-хэм, мазэ къэс еплIанэ щэбэтым сыхьэти 10-12-хэм

Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, 8, пэш №20, телефоныр (88662) 42-49-74

Бахъсэн къалэм и прокурор **Къаныкъуэ Валерий Мухьэд и къуэр**

махуэкум сыхьэти 9-18-хэм

Бахъсэн къалэ, Дыгъужьым и уэрам, 1, пэш №11, телефоныр (886634) 2-11-77

Бахъсэн районым и прокурор **Бэшорэ Аслъэн Хьусен и къуэр**

мэремым сыхьэти 9-18-хэм

Бахъсэн къалэ, Лениным и уэрам, 71, пэш №11, телефоныр (886634) 2-11-33

Дзэлыкъуэ районым и прокурор **Кувэжыкъуэ Мурат Ахьмэд и къуэр**

мэремым сыхьэти 9-18-хэм, мазэ къэс япэ щэбэтым сыхьэти 10-12-хэм, мазэ къэс етIуанэ гъубжым сыхьэт 18-19-хэм

Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэ, Комсомольскэ уэрам, 92, пэш №7, телефоныр (886637) 4-16-73

Лэскэн районым и прокурор **Пащты Джэмал Руслан и къуэр**

гъубжымрэ махуэкумрэ сыхьэти 10-12-хэм

Анзорей къуажэ, Хьэмгъуокъуэ и уэрам, 37, пэш №1, телефоныр (886639) 9-56-25

Май районым и прокурор **Красножен Георгий Александр и къуэр**

махуэкум сыхьэти 9-12-хэм

Майскэ къалэ, Энгельс и уэрам, 59/2, пэш №12, телефоныр (886633) 2-22-23

Прохладнэ къалэм и прокурор **Къарэмырзэ Къазбэч Хьэжмурат и къуэр**

гъубжымрэ махуэкумрэ сыхьэти 10-13-хэм

Прохладнэ къалэ, Гагариным и уэрам, 35, пэш №17, телефоныр (886632) 7-11-38

Прохладнэ районым и прокурор **Ержыб Хьэсэн Анатолий и къуэр**

блыщхьэм сыхьэти 10-13-хэм

Прохладнэ къалэ, Лениным и уэрам, 70/4, пэш №4, телефоныр (886631) 7-12-56

Тэрч районым и прокурор **Гъукlэ Артур Хьэзрэил и къуэр**

бэрэжьейм сыхьэти 10-12-хэм

Тэрч къалэ, Мамхэгъым и уэрам, 40, пэш №9, телефоныр (886632) 4-13-92

Аруан районым и прокурор **Мырзэкъан Лиуан Зулъхьарней и къуэр**

гъубжым сыхьэти 9-12-хэм, махуэкум сыхьэт 14-16-хэм

Нарткъалэ къалэ, Къэбэрдей уэрам, 68, пэш №1, телефоныр (886635) 4-20-56

Шэджэм районым и прокурор **Мокаев Сослъэн Абукъ и къуэр**

гъубжым сыхьэти 10-12-хэм, мэремым сыхьэт 16-18-хэм

Шэджэм къалэ, КIарэм и уэрам, 95, пэш №9, телефоныр (886630) 4-13-13

Шэрэдж районым и прокурор **ХьэхъупащIэ Тимур Хьэжмурат и къуэр**

гъубжым сыхьэти 10-13-хэм, махуэкум сыхьэт 15-19-хэм, мазэ къэс япэ щэбэтым сыхьэти 10-13-хэм

Къэщкъэтау посёлкэ, Мечиевым и уэрам, 115, пэш №91, телефоныр (886636) 4-12-93

Iуащхьэмахуэ районым и прокурор **Шыбзыхъуэ Заурбэч Iэмырбэч и къуэр**

гъубжымрэ махуэкумрэ сыхьэт 14-17-хэм

Тырныауз къалэ, Мезиевым и уэрам, 3 а, пэш №8, телефоныр (886638) 4-50-20

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэджэм районым и прокурорым къуажэхэм щригъэкIуэкIыну зэIущIэхэр

Шэрэдж районым и прокурорыр цIыхухэм щалъущIэнущ ЖэмтхьэлэИпщэ, Аушыджэр, Джэрпэджэж къуажэхэм. ЗэIущIэхэр къуажэ админдистрацэхэм я унэхэм щекIуэкIынущ мы къыкIэлъыкIуэ зэманхэм:

Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм - мазаем и 16-м сыхьэт 11-13-хэм;

Аушыджэр къуажэм - мазаем и 18-м сыхьэт 14.00-15.30-хэм;

Джэрпэджэж къуажэм - гъатхэпэм и 19-м сыхьэт 11-13-хэм.

И Iуэхутхьэбзэхэм хегъахъуэ

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

«КъБР-м къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэуIуу щыIэфIагъэкI и центр» Къэрал бюджет Iуэхущ1апIэмрэ (адэкIэ - «МФЦ» ГБУ) Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ зэдэлжьэным и Iуэхукlэ» щыкьэхуэу зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм къару зэригъуэтам къыхэкIыу, Къалэн куэд зыгъэзащIэ центрым и Iуэхутхьэбзэхэм хигъахъуащ.

«МФЦ» ГБУ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и хэщIапIэ псоми мазаем и 5-м кьыщыщIэдзауэ Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Iуэхутхьэбзэ пщыкIуэ цIыхухэм щыкьэхуэу щагъуэтынущ:

- пIалъэкIэ зэрымылажьэрым пэкIуэ пособиер кьыйихну страхованэ зиIэм зыщыхуигъэза махуэм страхованэ зыщам и Iэнатlэр зэхуищIыжамэ е кредит организацэм щиIэ счётым зрикъун ахьшэ имылъу страхованэ зыщам ар хуэмытынмэ, Урысей Федерацэм и Граждан кодексым зэрыжиIэм хуэдэу, ахъшэр чэзукIэ счётым зэрыхагъакI хабзэм щыхуэхIуэм деж, пIалъэкIэ зэрымылажьэфым пэкIуэу мазэ кьэс ят пособиер хуагъэувынущ икIи хухахынущ;

- кьулыкъущIэхэм страховой взносхэр зэрыхагъэкIым, зэратым (зэрагъэхьыну) теухуа я тхьилъхэр, апхуэдэу страховой взносхэр пэжу зэрыхагъэкIам, и пIалъэм зэратам (зэрагъэхьам) я щыхьэт тхьилъэр Iахьнущ;

- зэрыуэндэгъум, сабий зэригъуэтам пэкIуэ пособиер кьыйихну страхованэ зиIэм зыщыхуигъэза махуэм страхованэ зыщам и Iэнатlэр зэхуищIыжамэ е кредит организацэм щиIэ счётым зрикъун ахьшэ имылъу страхованэ зыщам ар хуэмытынмэ, Урысей Федерацэм и Граждан кодексым зэрыжиIэм хуэдэу, ахъшэр чэзукIэ счётым зэрыхагъакI хабзэм щыхуэхIуэм деж, зэрыуэндэгъум, сабий зэригъуэтам пэкIуэу пособие хуагъэувынущ икIи хухахынущ;

- ныкъуэдыкъуэхэр Iэпкьлъэпкьыр зыгъэтыныр техникэ Iэмэпсымэхэмкlэ, зыхуэфащэ Iуэхутхьэбзэхэмкlэ, ветеринэм ящыщ цIыху щхьэхуэхэр протезэхэмкlэ (дзэ протезхэр хэмыту), протез - ортопед пкъыгъуэхэмкlэ къызэрагъэпэщынущ, апхуэдэу Iэпкьлъэпкьыр зыгъэтыныр техникэ Iэмэпсымэхэр къэзыщхьуж ныкъуэдыкъуэхэм, (дзэ протезхэр хэмыту), протезхэр, протез-ортопед пкъыгъуэхэр езыгъэзыI ветеранхэм абыхэм я уасэхэр, Iуэхутхьэбзэхэм щIатхэр, гъуэгугъэльагъуэ хьахэр зехьэным, ветеринархэр кIэлъыгъэплъыным трагъэкIуадэр илъэс кьэс ныкъуэдыкъуэхэм иратыкынущ;

- уэ гъэтIылъахэр профилактикэ ирагъэщIын папщIэ, медицинэ тхылъ зиIэхэм санаторэ-курорт путёвкэхэр кьыхудахынущ, кьыщIэзэну щыпIэм щыкIуэкIэ икIи кьыщыкIуэжкIэ кьалэ зэхуаку транспорткIэ пщIэнщэу кьрашэкIынущ;

- Iэнатlэм кьыщыхьу насыпыншагъэхэмрэ уэ гъэтIылъахэмрэ щахъуэмэн папщIэ, фIэкIыпIэ зимыIэ социальнэ страхованэ зыщам и Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэ зыхуэдэр, апхуэдэу страхованэ зыщам зи щхьэхущIыкIэ и кьудамэхэм я лэжьыгъэхэр зыхуэдэр ягъэбелджылынущ;

- Iэнатlэм кьыщыхьу насыпыншагъэхэмрэ уэ гъэтIылъахэмрэ щахъуэмэн папщIэ, фIэкIыпIэ зимыIэ социальнэ страхованэ зыщам и Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэ зыхуэдэр ягъэбелджылынущ;

- Iэнатlэм кьыщыхьу насыпыншагъэхэмрэ уэ гъэтIылъахэмрэ щахъуэмэн папщIэ, фIэкIыпIэ зимыIэ социальнэ страхованэ зыщам и Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэ зыхуэдэр, апхуэдэу страхованэ зыщам зи щхьэхущIыкIэ и кьудамэхэм я лэжьыгъэхэр зыхуэдэр ягъэбелджылынущ;

- Iэнатlэм кьыщыхьу насыпыншагъэхэмрэ уэ гъэтIылъахэмрэ щахъуэмэн папщIэ, фIэкIыпIэ зимыIэ социальнэ страхованэ зыщам и Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэ

Фыгъуэ-ижэр Іиблис къыбгъэдокІ

● Уаз

Къуалэбзухэми, хьэкІэкъуэкІэхэми, бдзэжьей лІэужьыгъуэхэми, адрей псэ зыІут псоми хэхауэ зэрыпсэу мардэ гуэрхэр яІэщ. Абыхэм я хабзэхэр ткІийуэ ягъэзащІэ. ТекІкъым зэгуэр Алыхьым къарита щытыкІэмрэ хьэл-щэнымрэ. АбыкІэ гъунапкъэншэу лъэкІыныгъэ зиІэр цІыхурщ.

Токъмакъ Іэуес

АПХУЭДИЗКІЭ егъэфІэкІуаэр цІыхур дунейм къытехьащи, иІэ Іэмалхэр нэхъри егъэбагъуэ, хэкІыпІэщІэхэр къегъуэт. А псор къэзыхьыр и акъылырыщ, ар гупсысэ иІэу къызэрагъэщІарщ. Акъылыр зэрауназгІ гупсысэхэрщ, гъащІэр зэрырагъэфІакІуэр. ЦІыхум апхуэдизу хуитыныгъэшхуэ иритащи, уеблэмэ, езы Къэзыгъэщіа дыдэм пэщІэувэжхэри щыІэщ. Я зэфІэкІыр ин зэрыхъуам къыхэкІыу, тхьэуэ зыкъызыщыхьужхэр куэдщ. Абыхэм якъагурымыІуэр, щыуагъэшхуэу яІэщІакІыр, Алыхьталэм къарита Іэмал псомкІи фІыщІэншэу зэрыщытым и мызакъуэу, Абы зэрыпэщІэувэжыщ. Ар Къэзыгъэщіам щІыпэщІэувэжым и щхьэусыгъуэ нэхъ ин дыдэри лъэкІынытхьэшхуэ зэрыритарщ.

ЦІыху къиГъэщІам гъунапкъэншэу лъэкІынытІэ зэрыритамкІэ мыаразыуэ, ежьму къуэрауад іиблис. Алыхьышхуэм и унафэр абы щимыІгъэзащІэм, Жэнэтым кьригъэкІащ. Іиблис псалъэ быдэ Тхьэшхуэм иритащ, цІыху къызэригъэщІам хущІригъэгъуэжыну. Абы лъандэрэ цІыхум и бий нэхъ шынагъуэ дыдэу къуэвар еээш имыщІэу Іейм толажьэ. Іиблисщ цІыхухэм яку къаугъэ дзэвытхьэр. Аращ цІыхум фыгъуэ хэлъмэ, ижэ хэлъмэ къэзыгъэхур. Ар зыщыдгъэгъупщэмэ, ди бийр къыттекІуэнущ.

Ди фІэщхьэныгъэм и пкъо нэхъ ин, нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ ДыкъэзэгъэщІам къытхуихуахэм арэзы быдэхьуэнынр, къытхуигъэфащэ ІэфІри, дыджри, фІыри, Іейри ди гум тедгъэхуэныр. КъурІэн лъапІэми къыщыдджеІэ Алыхьталэу Льагэу ЛъапІэм и Іызынынщэу зыгуэрхэм хьэзырщ. Ар фыгъуэм ехь.

Зимыіэр зиІэм йофыгъуэ. Хьэлэмэткъэ, зэфыгъуэнкІэ хъунури хамэ гуэрхэркьым, атІэ и Іыхьлы-благъэхэрщ: къуэш, шыпхъу, гъунэгъу, фІыуэ къэзыцІыхъ...

Нобэ цІыхур Алыхьым къыхуигъэфэщамкІэ арэзыуэ, абы щыгуфІыкІыу, зимыІэм жумарту ядэгуашэмэ и насыпу араш. Ар гъэунэхуп1э ихуащи, Тхьэм и нэфІ кьилэжьмэ и Іэхур нэхъ дахэ хъунущ. Ауэ а зэрыхуа гъэунэхуп1эр щыгъупщауэ къулей нэхъри хъуфынущ. «ЦІыху Іейрэ пэт нэхъ къулей мыхъумэ, нэхъыкІэ хъууэ тлъагъуркъым» жаІэуи зэхьібох. Алыхьым ещІэ икІи пІащІэрэкьым ар жэуапым щришэпІэнумкІэ. А псомкІэ фыгъуэ-ижэ зыхэлъри, зыхэмыльри белджьылы мэхъу. Хэти ещІэ мы дунейм зыми зыри зэрытримыхьфыр. Ар щыгъупщауэ мылькур ззэыльэфалІэм Іиблис къытекІуащи, апхуэдэм Тхьэм дыщицхьумэ. Хьэлэмэтращи, щыкІам гу зыпытэжьыркьым езым. И гупсысэ нэхъыщІэм хэльщ мылькур. Щыпсальэкіи, Іэхуу щищІэкіи пкърытщ а узыфэр.

Сыныволъэу, зыдевмыгъэхьэх мылькум, зыкъевмыгъэгъапцІэ Іиблис - цІыхум и бий нэхъ шынагъуэ дыдэр араш. Ар хохьэ гупсысэм, фІэщхьэныгъэ зыхэмыльхэр егъэжаэкъуэф. ЦІыхум Іей илэжьмэ къызэпкърыкІыр Алыхь ЛъапІэу Льагэм дыкъызэригъэщІу бий тхуэхъуарщ. Ар къыдзижащ, сыткІи дефІэкІыу дыкъызэригъэщІам папщІэ. Апхуэдэу дымыжжъуэнымкІэ хэкІыпІэр зыщ - фэрыщІагъ хэмылъ, Тхъэшхуэр дигу къздгъэкІ зэпыту, и цІэ лъапІэкэр щІэх-щІэхьыурэ жытІэнырщ. Къулеи, къулейсызи, къулыкъущІи, кулыкъунши псэ къаБзэкІэ дызэхуэзэфІыпхъэщ. Аращ КъурІэным, Бегъымбар лъапІэм и хьэдисхэм ябкъ итклэ исльамым и хабзэхэр екІуу дгъэзэщІэн щыхуейр. Армырамэ Іиблис къыттегуплІэнущ.

ТОКЪМАКЪ Іэуес,
Сэрмакъ къуажэм и мусльымэн жэмыхьэтым и Іимам

(КІэлъыкІуэр. Пэщіэдзэр №12-м итщ).

Хьэуа щхьэгъусэ зэрыхуищІар

ІЭДЭМ и закъуэ зэшырт, абы къыхэкІыу Алыхьым, и закъуэныгъэ нэщхьеягъуэр ильагъури, фыз къыхуигъэщІащ. Алыхьым и Іэмыркіэ, зэгуэрым Іэдэм куууэ хэжеяуэ, дыкъэзыгъэщІам абы и дзажэм щІыхубз къыхищІыкІащ - Іэдэм и щхьэгъусэр. Ар Алыхьым и дежкІэ тынШкъэ!

Къэушыжа иужькІэ езым ещхь щІыху, ауэ нэхъ Іэмащ1эгъэщІэу икІи нэхъ дахэжу, къыбгъурылъу Іэдэм къильэгъуащ. Ар щІыхубзт. Бзылъхугъэр абы кьеплъырт нэ гужьеяхэмрэ зыхэзыщІэхэмкІэ.

- Хьэуа! - жиІащ Іэдэм, - иджы дяпэкІэ апхуэдэу сыноджнущ.

Іэдэм щыгуфІыкІащ адэкІэ зэримызэкъуэнум икІи кьрита фІыгъуэм папщІэ Алыхьым фІыщІэ хуищІащ, абы иджыри ищІэртэкъым щІыхубзыр къызэригъэщІамкІэ Къытщхьэщытыр щІыхуэм икъукІэ къаззэрыхуэупсар. Дэтхэнэ зы щІыхубзри щІым къарууншэу къытохьэ, ауэ Алыхьым абы хилъхьащ и унагъуэр, лІыр, сабийхэр зыхуей хуигъэзэфыныкъым ахэр ихьэмэнымкІэ зэфІэкІ. Хьэуа щІыху псоми я къежьапІэ анэ хъуащ, диныр зи фІэщ щІыхубзхэм абы пщІэ хуащІ икІи и щапхъэм тетыну хущІокъу - Алыхьым къахуиуха гъащІэм и гугъуехь псори Хьэуа Іэдэм и гъусэу шыІэныгъэ хэлъу ирихьэкІащ.

Льагъуныгъэ зэрахуиІэр къыхэщу яІупльэри, Къытщхьэщытым къигъэщІахэм яжриащ:

- Иджы фэ тІу фохъу, уэ, Хьэуа, Іэдэм и фызу ущытынущ, абы жиІэм едалуэ, ар уэ нэхърэ нэхъ лъэщщ. Жэнэтым фыІэпхъэри, сыт фыхуейми фшхы. Ауэ мо жыгым гъунэгъу зыхуэмышІ. Абы къыпкІахэри фымышх. Ар Си унафэщ.

Алыхь Льагэм ищІэрт сыт щыІами къэхъунуми. Ауэ къэхъугъэ псори Абы и фІэфІныгъэкІэ и чэзум екІуэкІырт. Жэнэтыр телъыджэт. Хадэхэм пхъэщхьэмыщхьэ гуакІуэхэр къыщыкІырт, абы узыгъэмэх хуабагъэр щыІэтэкъым, щыІэм ущыукІыртэкъым, удз гъэгъахэмрэ къэкІыгъэхэмрэ я мэр зыщІэлъ хьэуар псы Іэфым хуэдэт, дунейм узыщІимыхьэлІэ дахагъэ зиІэ къуалэбзуэм я уэрэдхэр кърашырт, псори Езыр Къэзыгъэщіам хуиІэ фІыльагъуныгъэм зэщІищтат - Жэнэтыр дунейм ехьалъэжмкІэ къыпхуІуэтэнукъым.

Іэдэмрэ Хьэуарэ насыпыфІэт икІи сабийхэм хуэдэу зыри къызэфІэмыІуэхут. Алыхьым и инагъымрэ Іущагъымрэ абыхэм зыхащІэрт икІи Абы фІыщІэ хуащІырт. Ауэ Іиблис бзаджэр икІи хьилэшыр псэхуртэкъым. Алыхьым и нэфІыр зыщыхуахэм къыхахуа иужькІэ абы зы къалэнт иІэр - цІыхухэр гъуэгу захуэм тешыныртт. Ахэр, цІыхухэр, тІу къудей хъууэ арат - икІи Іиблис и хьилэшыгъэ Іэхухэр абыхэм я деж къыщыщІидзащ.

Ямэ цІыхухэм Жэнэтыр зэрырагъэбгынар

ІИБЛИС - шейтІанщ, икІи ерыщу къыльхьуэу хуежьащ Іэдэмрэ Хьэуарэ зэран зэрахуэхуфынущ цІыкІэр. Ауэ абы щхьэкІэ ямэщІыкІэ Жэнэтым, мелыІычхэм яхъумэм, ихьэн хуейт. Жэнэтым пэрыуэнщэу ихьэ икІи икІыж блэм ар гурыІуащ. Абы и жьэм зыщигъэпщкІуащ, апхуэдэ щІыкІэкІи Жэнэтым ихьащ. А блэ дыдэр здигъэІэпыкъури, къищащ Іэдэмрэ Хьэуарэ зи мыІэрысэр къыпачу яшх мыхъуну Алыхь Льагэм яригъэлъэгъуа жыгыр дэтхэнэрами. Арати, зэгуэрым, къыпарубыда жыгым Іэдэмрэ Хьэуарэ щыІэкІым, ар Хьэуа ехъуцащу хуежьащ, мыІэрысэ къыпичу Іэдэмрэ абырэ зэгъусэу яшхыну къытригъэхьэу. Блэр а ІэхуумкІэ къыдэІэпыкъурт. Абы лъандэрэ блэмрэ цІыхумрэ фІыуэ зэрыльагъуркъым. Іэдэмрэ Хьэуарэ, цІыхуу щытКІэрэ, я хьэл-щэным щыгъупщжьыныгъэрэ къыфІэмыІуэхуныгъэрэ хэльт. ШейтІаным цІыхум и псэм и ныкъусаныгъэкэр кьигъэсэбэпащ икІи щхэу цІыкІуурэ къыигъэгугъэу щидзащ а мыІэрысэр зышхьэр уахътыншэ хъуну, абы щыгъуэми мелыІычхэм яхьихьэну. Абы и мурадыр къехъулІащ - Хьэуа мыІэрысэр къыпичри зэгъусэу яшхыну Іэдэм хуишиящ.

- Мы пхъэщхьэмыщхьэ гурыхьэр дыгъэшх: мелыІычхэм хуэдэ дыхъунщ, игъащІэкІи мы Жэнэт телъыджэм дыщыпсэунщ.

Іэдэм арэзы хъуащ икІи, Алыхьым и унафэр ящыгъупщэри, къыпаубыда мыІэрысэр яфІэІэфІыпсу яшхащ. ИкІи зэуэ псоми зихъужащ...

Я нэ къабзэхэм икІи сабырхэм къалъэгъуащ абыхэм зыри зэращымыгъыр. Сабийхэм хуэдэу хьэрэмыгъэншэти, абы лъандэрэ гу лъатакъым икІи я пщІанагъэм щыукІытэртэкъым. Къыпаубыда пхъэщхьэмыщхьэм абыхэм я укІытэр къигъэушащ икІи къызэрыгуэкІ цІыху ищІащ. ЕпІэщІэкІыу тхьэмпхэр къыпачу хуежьащ, я укІытапІэр зэрыщІахъумэн къыхащІыкІыну. Шынагъэри къэушащ, ари зищІысыр абыхэм нэхъапэм ящІэу щытакъым, зыр адрейм ебий хъуащ - къагурыІуащ зыр адрейм едалуэу Алыхьым и унафэр къызэрызэпаудар. Іиблис и закъуэт гуфІэр, цІыхухэр гъэзгу пэжым къытришащ икІи иджы и закъуэхъым Къэзыгъэщіам емыдэІуар. Илэжьа гуэныхьыр зыхуэдизыр Іэдэм напІэзыпІэм къыгурыІуащ икІи лъэІуащ:

- Уа Алыхь, къысхуэгъэгъу, Уэ сынодэІуакъым икІи абыкІэ хуабжьу сыхущІегъэжащ!

ГущІэгъуэр ГъэгъуныгъэрэзиІэ, гъэгъуныгъэр зыфІэфІрэ игъэгъуну зыфІэфІ Алыхьым яп1э цІыхум и гум къыбгъэдэкІыу тобэ къызэрихьжар къищтащ икІи Іэдэмрэ Хьэуарэ яхуигъэгъуащ. Абы ищІэрт апхуэдэу къызэрыхъунур икІи яжриаІащ:

- Си Жэнэтыр зэгъусэу фыбгынэ! Ар фхуэсщІ унафэщ. Иджы фэ зыр адрейм фрибийуэ щІылъэм фыщцыпсэунущ. Фшхын зэвгъэпэщу фэ фыльжьэнущ икІи щІыр фэ сыт щыгъуи фыщцыпсэунущ щІыпІэщ. ЗэвгъащІэ, Сэ къызбгъэдэкІыу фэрэ фи щІэблэхэмрэ Си унафэхэр къыфІэрыхьэмэ, Си жьІэм едалуэхэм шынагъэрэ нэщхьеягъуэрэ ящІэнукъым.

Алыхьым зыхуигъэгъуа Іэдэмрэ Хьэуарэ щІым щыпсэууэ щІадзащ. Ахэр нэгъэщІ хъуащ. Иджы а тІум я щхын, зыщІэсын, зыщатІэгъэн езыхэм къызэрагъэпэщыжьын хуейт. Іэдэм Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъэхэм зыхуигъэсащ, щІым телэжьыхь, унагъуэ Іэщхэм зэрихуэ, фэм зыгуэрхэр къыхищІыкІ хъуащ. Іэхугъуэ псомкІи и лІым дэІэпыкъуэгъу хузэхурт Хьэуа. Абыхэм бын зэдагъэтащ икІи цІыху лъэпкъыр багъуэу хуежьащ, іэжьыгъэрэ гугъуехькІэ я щІэкъуэ Іыхьэр къалэжьыжу. ЦІыхухэм Алыхьым фІыщІэ хуащІырт къахуищІ берычэтым папщІэ, зыхуагъэщхьырт икІи щІэхъуэпсырт Іэдэм бегъымбарым зи гугъу къахуищІ Жэнэтым ягъэзэжьыну.

Хьэуа, Алыхьым ар нэхъыфІу ещІэ, зырызуи зэтІолъхуэныкъуэуи бын игъуэтырт. Алыхьым и Іэмыркіэ абыхэм езыхэм я унагъуэхэр яухуэжьырт - апхуэдэу дунейм зыщцаубгъуащ яп1э цІыху икІи бегъымбар Іэдэм и щІэблэм. Іэдэм и бынхэр Алыхь Льагэм фІэлъыкІыу игъасэрт. ЦІыху лъэпкъым зэрызиубгъур зи нэгу щІэкІ шейтІаным абы къыдэкІуэу Іэмал нэхъыбэ игъэтырт ахэр гъуэгу захуэм тришыну. ЦІыхур зэрыщцІэгъуэну Іэмал куэд дыдэ игъэхьэзырат шейтІаным, ахэр зэригъэтІылъэкІат цІыхум и махагъ нэхъыщхьэр - щыгъупщхьэр - ищІэу. Жэнэтым зэрыщцІпсэуэр зыщІэж икІи Іиблис цІыхур къызэригъэпІэфынур зыщцмыгъупща Іэдэм бегъымбарым и яп1э щІэблэхэм я дежкІэ дуней гъащІэр зыпэмыплъа Іэхугъуэхэмкіэ гъэнщІат. ФІыкІи Іейкіи.

Къытщхьэщытым фІыуэ илъэгъуа

АЛЫХЬЫМ Іэдэм бегъымбар ищІащ, абы и гъащІэр Къытщхьэщытым хуэпэжьыным тригъэкІуэдати. Ар Каабэ зыуха яп1э цІыхуу щытащ. А лъэхъэнэ жьжьэхэм щыщІэдзауэ Іэдэм цІыху лъэпкъым я адэу къалъытэ. Іэдэм куэдрэ псэущ икІи Алыхьым къызэригъэгугъар щыгъупщакъым, зи фІэщ хуэхэмрэ Абы и фІэфІныгъэр зыгъэзащІэхэмрэ и дэІэпыкъуныгъэм зырыхимыныр. Мусльымэнхэм Іэдэм пщІэ хуащІ бегъымбару икІи яп1э цІыхуу зэрыщытым, зи къэхъугъэмрэ гъащІэмрэ ятеухуа хъыбарыр нэхъ гущІыхьэ, ауэ пэж дыдэу Алыхь Льагэм и тхьылъ лъапІэм - КъурІэным - къызэрыщыкІуам къыхэкІыр. ИкІи а хъыбарым дэ хуабжьу къытхуэщхьэпэну щІэныгъэхэр къыдет: насыпымрэ тхъэгъуэмрэ дуней гъащІэм къыщІэхьытыр Алыхь Льагэм хуэпщІыныырщ - а Іэхугъуэ нэхъыщхьэращ дэ дыжьыщІигъэщІар. А шынагъуэншагъэм и тхъэгъуэр Алыхьым и лъабжьэм дыщІэтурэ ди гум щытхъумэн хуейщ, ДыкъэзыгъэщІам и Іэмыркіэ, Іиблис сыт щыгъуи зыльыхьуэр зыщ - цІыхухэм ящыщу хэт гъуэгу захуэм тришыними. ЦІыхум и щІэблэ куэд кІуэцІрыкІащ Іиблис и бзаджэнаджагъэхэм, ауэ псорп абы пэщІэтыфакъым. Ди мурадхэм, хьэл мыхъумыщІэхэм дащцІпэмыльэщкІэ, щІэныгъэм, Алыхьым къытхуигъэувахэм, лъэІукІэ Абы зыхуэгъэззэным хущІэкъуныр, Іуэху мыщхьэпэ тІэщІэкІамэ, псэкІэ зыхэтщІэу икІи псынщІэу тобэ къэхьыжьныр - апхуэдэ щІэинщ къытхуигъэнар Іэдэм бегъымбарым, ди адэхэм я къежьапІэм, яп1э цІыхум, Алыхь Льагэм къигъэщІауэ фІыуэ ильэгъуам.

Зэзыдзэкіар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ**.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Алыхьым и лІыкІуэхэм ятеухуа хъыбархэр

Іэдэм бегъымбар

Фания бин Мухьэммэд аль-Макки

Хьэуа щхьэгъусэ зэрыхуищІар

ІЭДЭМ и закъуэ зэшырт, абы къыхэкІыу Алыхьым, и закъуэныгъэ нэщхьеягъуэр ильагъури, фыз къыхуигъэщІащ. Алыхьым и Іэмыркіэ, зэгуэрым Іэдэм куууэ хэжеяуэ, дыкъэзыгъэщІам абы и дзажэм щІыхубз къыхищІыкІащ - Іэдэм и щхьэгъусэр. Ар Алыхьым и дежкІэ тынШкъэ!

Къэушыжа иужькІэ езым ещхь щІыху, ауэ нэхъ Іэмащ1эгъэщІэу икІи нэхъ дахэжу, къыбгъурылъу Іэдэм къильэгъуащ. Ар щІыхубзт. Бзылъхугъэр абы кьеплъырт нэ гужьеяхэмрэ зыхэзыщІэхэмкІэ.

- Хьэуа! - жиІащ Іэдэм, - иджы дяпэкІэ апхуэдэу сыноджнущ.

Іэдэм щыгуфІыкІащ адэкІэ зэримызэкъуэнум икІи кьрита фІыгъуэм папщІэ Алыхьым фІыщІэ хуищІащ, абы иджыри ищІэртэкъым щІыхубзыр къызэригъэщІамкІэ Къытщхьэщытыр щІыхуэм икъукІэ къаззэрыхуэупсар. Дэтхэнэ зы щІыхубзри щІым къарууншэу къытохьэ, ауэ Алыхьым абы хилъхьащ и унагъуэр, лІыр, сабийхэр зыхуей хуигъэзэфыныкъым ахэр ихьэмэнымкІэ зэфІэкІ. Хьэуа щІыху псоми я къежьапІэ анэ хъуащ, диныр зи фІэщ щІыхубзхэм абы пщІэ хуащІ икІи и щапхъэм тетыну хущІокъу - Алыхьым къахуиуха гъащІэм и гугъуехь псори Хьэуа Іэдэм и гъусэу шыІэныгъэ хэлъу ирихьэкІащ.

Льагъуныгъэ зэрахуиІэр къыхэщу яІупльэри, Къытщхьэщытым къигъэщІахэм яжриащ:

- Иджы фэ тІу фохъу, уэ, Хьэуа, Іэдэм и фызу ущытынущ, абы жиІэм едалуэ, ар уэ нэхърэ нэхъ лъэщщ. Жэнэтым фыІэпхъэри, сыт фыхуейми фшхы. Ауэ мо жыгым гъунэгъу зыхуэмышІ. Абы къыпкІахэри фымышх. Ар Си унафэщ.

Алыхь Льагэм ищІэрт сыт щыІами къэхъунуми. Ауэ къэхъугъэ псори Абы и фІэфІныгъэкІэ и чэзум екІуэкІырт. Жэнэтыр телъыджэт. Хадэхэм пхъэщхьэмыщхьэ гуакІуэхэр къыщыкІырт, абы узыгъэмэх хуабагъэр щыІэтэкъым, щыІэм ущыукІыртэкъым, удз гъэгъахэмрэ къэкІыгъэхэмрэ я мэр зыщІэлъ хьэуар псы Іэфым хуэдэт, дунейм узыщІимыхьэлІэ дахагъэ зиІэ къуалэбзуэм я уэрэдхэр кърашырт, псори Езыр Къэзыгъэщіам хуиІэ фІыльагъуныгъэм зэщІищтат - Жэнэтыр дунейм ехьалъэжмкІэ къыпхуІуэтэнукъым.

Іэдэмрэ Хьэуарэ насыпыфІэт икІи сабийхэм хуэдэу зыри къызэфІэмыІуэхут. Алыхьым и инагъымрэ Іущагъымрэ абыхэм зыхащІэрт икІи Абы фІыщІэ хуащІырт. Ауэ Іиблис бзаджэр икІи хьилэшыр псэхуртэкъым. Алыхьым и нэфІыр зыщыхуахэм къыхахуа иужькІэ абы зы къалэнт иІэр - цІыхухэр гъуэгу захуэм тешыныртт. Ахэр, цІыхухэр, тІу къудей хъууэ арат - икІи Іиблис и хьилэшыгъэ Іэхухэр абыхэм я деж къыщыщІидзащ.

Ямэ цІыхухэм Жэнэтыр зэрырагъэбгынар

ІИБЛИС - шейтІанщ, икІи ерыщу къыльхьуэу хуежьащ Іэдэмрэ Хьэуарэ зэран зэрахуэхуфынущ цІыкІэр. Ауэ абы щхьэкІэ ямэщІыкІэ Жэнэтым, мелыІычхэм яхъумэм, ихьэн хуейт. Жэнэтым пэрыуэнщэу ихьэ икІи икІыж блэм ар гурыІуащ. Абы и жьэм зыщигъэпщкІуащ, апхуэдэ щІыкІэкІи Жэнэтым ихьащ. А блэ дыдэр здигъэІэпыкъури, къищащ Іэдэмрэ Хьэуарэ зи мыІэрысэр къыпачу яшх мыхъуну Алыхь Льагэм яригъэлъэгъуа жыгыр дэтхэнэрами. Арати, зэгуэрым, къыпарубыда жыгым Іэдэмрэ Хьэуарэ щыІэкІым, ар Хьэуа ехъуцащу хуежьащ, мыІэрысэ къыпичу Іэдэмрэ абырэ зэгъусэу яшхыну къытригъэхьэу. Блэр а ІэхуумкІэ къыдэІэпыкъурт. Абы лъандэрэ блэмрэ цІыхумрэ фІыуэ зэрыльагъуркъым. Іэдэмрэ Хьэуарэ, цІыхуу щытКІэрэ, я хьэл-щэным щыгъупщжьыныгъэрэ къыфІэмыІуэхуныгъэрэ хэльт. ШейтІаным цІыхум и псэм и ныкъусаныгъэкэр кьигъэсэбэпащ икІи щхэу цІыкІуурэ къыигъэгугъэу щидзащ а мыІэрысэр зышхьэр уахътыншэ хъуну, абы щыгъуэми мелыІычхэм яхьихьэну. Абы и мурадыр къехъулІащ - Хьэуа мыІэрысэр къыпичри зэгъусэу яшхыну Іэдэм хуишиящ.

- Мы пхъэщхьэмыщхьэ гурыхьэр дыгъэшх: мелыІычхэм хуэдэ дыхъунщ, игъащІэкІи мы Жэнэт телъыджэм дыщыпсэунщ.

Іэдэм арэзы хъуащ икІи, Алыхьым и унафэр ящыгъупщэри, къыпаубыда мыІэрысэр яфІэІэфІыпсу яшхащ. ИкІи зэуэ псоми зихъужащ...

Я нэ къабзэхэм икІи сабырхэм къалъэгъуащ абыхэм зыри зэращымыгъыр. Сабийхэм хуэдэу хьэрэмыгъэншэти, абы лъандэрэ гу лъатакъым икІи я пщІанагъэм щыукІытэртэкъым. Къыпаубыда пхъэщхьэмыщхьэм абыхэм я укІытэр къигъэушащ икІи къызэрыгуэкІ цІыху ищІащ. ЕпІэщІэкІыу тхьэмпхэр къыпачу хуежьащ, я укІытапІэр зэрыщІахъумэн къыхащІыкІыну. Шынагъэри къэушащ, ари зищІысыр абыхэм нэхъапэм ящІэу щытакъым, зыр адрейм ебий хъуащ - къагурыІуащ зыр адрейм едалуэу Алыхьым и унафэр къызэрызэпаудар. Іиблис и закъуэт гуфІэр, цІыхухэр гъэзгу пэжым къытришащ икІи иджы и закъуэхъым Къэзыгъэщіам емыдэІуар. Илэжьа гуэныхьыр зыхуэдизыр Іэдэм напІэзыпІэм къыгурыІуащ икІи лъэІуащ:

- Уа Алыхь, къысхуэгъэгъу, Уэ сынодэІуакъым икІи абыкІэ хуабжьу сыхущІегъэжащ!

ГущІэгъуэр ГъэгъуныгъэрэзиІэ, гъэгъуныгъэр зыфІэфІрэ игъэгъуну зыфІэфІ Алыхьым яп1э цІыхум и гум къыбгъэдэкІыу тобэ къызэрихьжар къищтащ икІи Іэдэмрэ Хьэуарэ яхуигъэгъуащ. Абы ищІэрт апхуэдэу къызэрыхъунур икІи яжриаІащ:

- Си Жэнэтыр зэгъусэу фыбгынэ! Ар фхуэсщІ унафэщ. Иджы фэ зыр адрейм фрибийуэ щІылъэм фыщцыпсэунущ. Фшхын зэвгъэпэщу фэ фыльжьэнущ икІи щІыр фэ сыт щыгъуи фыщцыпсэунущ щІыпІэщ. ЗэвгъащІэ, Сэ къызбгъэдэкІыу фэрэ фи щІэблэхэмрэ Си унафэхэр къыфІэрыхьэмэ, Си жьІэм едалуэхэм шынагъэрэ нэщхьеягъуэрэ ящІэнукъым.

Алыхьым зыхуигъэгъуа Іэдэмрэ Хьэуарэ щІым щыпсэууэ щІадзащ. Ахэр нэгъэщІ хъуащ. Иджы а тІум я щхын, зыщІэсын, зыщатІэгъэн езыхэм къызэрагъэпэщыжьын хуейт. Іэдэм Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъэхэм зыхуигъэсащ, щІым телэжьыхь, унагъуэ Іэщхэм зэрихуэ, фэм зыгуэрхэр къыхищІыкІ хъуащ. Іэхугъуэ псомкІи и лІым дэІэпыкъуэгъу хузэхурт Хьэуа. Абыхэм бын зэдагъэтащ икІи цІыху лъэпкъыр багъуэу хуежьащ, іэжьыгъэрэ гугъуехькІэ я щІэкъуэ Іыхьэр къалэжьыжу. ЦІыхухэм Алыхьым фІыщІэ хуащІырт къахуищІ берычэтым папщІэ, зыхуагъэщхьырт икІи щІэхъуэпсырт Іэдэм бегъымбарым зи гугъу къахуищІ Жэнэтым ягъэзэжьыну.

Хьэуа, Алыхьым ар нэхъыфІу ещІэ, зырызуи зэтІолъхуэныкъуэуи бын игъуэтырт. Алыхьым и Іэмыркіэ абыхэм езыхэм я унагъуэхэр яухуэжьырт - апхуэдэу дунейм зыщцаубгъуащ яп1э цІыху икІи бегъымбар Іэдэм и щІэблэм. Іэдэм и бынхэр Алыхь Льагэм фІэлъыкІыу игъасэрт. ЦІыху лъэпкъым зэрызиубгъур зи нэгу щІэкІ шейтІаным абы къыдэкІуэу Іэмал нэхъыбэ игъэтырт ахэр гъуэгу захуэм тришыну. ЦІыхур зэрыщцІэгъуэну Іэмал куэд дыдэ игъэхьэзырат шейтІаным, ахэр зэригъэтІылъэкІат цІыхум и махагъ нэхъыщхьэр - щыгъупщхьэр - ищІэу. Жэнэтым зэрыщцІпсэуэр зыщІэж икІи Іиблис цІыхур къызэригъэпІэфынур зыщцмыгъупща Іэдэм бегъымбарым и яп1э щІэблэхэм я дежкІэ дуней гъащІэр зыпэмыплъа Іэхугъуэхэмкіэ гъэнщІат. ФІыкІи Іейкіи.

Къытщхьэщытым фІыуэ илъэгъуа

АЛЫХЬЫМ Іэдэм бегъымбар ищІащ, абы и гъащІэр Къытщхьэщытым хуэпэжьыным тригъэкІуэдати. Ар Каабэ зыуха яп1э цІыхуу щытащ. А лъэхъэнэ жьжьэхэм щыщІэдзауэ Іэдэм цІыху лъэпкъым я адэу къалъытэ. Іэдэм куэдрэ псэущ икІи Алыхьым къызэригъэгугъар щыгъупщакъым, зи фІэщ хуэхэмрэ Абы и фІэфІныгъэр зыгъэзащІэхэмрэ и дэІэпыкъуныгъэм зырыхимыныр. Мусльымэнхэм Іэдэм пщІэ хуащІ бегъымбару икІи яп1э цІыхуу зэрыщытым, зи къэхъугъэмрэ гъащІэмрэ ятеухуа хъыбарыр нэхъ гущІыхьэ, ауэ пэж дыдэу Алыхь Льагэм и тхьылъ лъапІэм - КъурІэным - къызэрыщыкІуам къыхэкІыр. ИкІи а хъыбарым дэ хуабжьу къытхуэщхьэпэну щІэныгъэхэр къыдет: насыпымрэ тхъэгъуэмрэ дуней гъащІэм къыщІэхьытыр Алыхь Льагэм хуэпщІыныырщ - а Іэхугъуэ нэхъыщхьэращ дэ дыжьыщІигъэщІар. А шынагъуэншагъэм и тхъэгъуэр Алыхьым и лъабжьэм дыщІэтурэ ди гум щытхъумэн хуейщ, ДыкъэзыгъэщІам и Іэмыркіэ, Іиблис сыт щыгъуи зыльыхьуэр зыщ - цІыхухэм ящыщу хэт гъуэгу захуэм тришыними. ЦІыхум и щІэблэ куэд кІуэцІрыкІащ Іиблис и бзаджэнаджагъэхэм, ауэ псорп абы пэщІэтыфакъым. Ди мурадхэм, хьэл мыхъумыщІэхэм дащцІпэмыльэщкІэ, щІэныгъэм, Алыхьым къытхуигъэувахэм, лъэІукІэ Абы зыхуэгъэззэным хущІэкъуныр, Іуэху мыщхьэпэ тІэщІэкІамэ, псэкІэ зыхэтщІэу икІи псынщІэу тобэ къэхьыжьныр - апхуэдэ щІэинщ къытхуигъэнар Іэдэм бегъымбарым, ди адэхэм я къежьапІэм, яп1э цІыхум, Алыхь Льагэм къигъэщІауэ фІыуэ ильэгъуам.

Зэзыдзэкіар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ**.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Хъыбар кІэщІхэр

ЛэжьапІэншэщІ

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыІэ чристэныгъэр щадж колледжэм ящыщ зым щылажьэ егъэдажкІуэм и лэжьыгъэр фІэкІуэдащ. Ар къыхэкІащ исльам диным хуэгъэзауэ и гум илъыр нахуэу къызэрилуэтам.

«Мусльымэнхэми дэ тхуэдэу Тхьэм и пащхьэ къикІа тхьылъ лъапІэ къахуехащ. Дэ псоми а зы Тхьэращ щхьэщэ зыхуэтщІыр», - жиІат абы. КъинэмыщІауэ, исльамым къызэриГъэувам тету, Іэлъэщ зэтрилъхьат.

КъурІэным и закъуэщ къелар

Африкэм хьихь Ганэ къэралыгъуэм щыІэ унэшхуэхэм ящыщ зым мафІэс ин къыщыхъури, зыри къэмынэу зэтрисхьащ. Тельыджэращи, мафІэр зыпсымыІэсу кьэнар КъурІэн лъапІэм и закъуэщ.

● Фи лъэІукІэ

Гъатхэпэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	05.12	06.42	12.28	15.32	17.55	19.35
2, бэрэжьей	05.10	06.40	12.28	15.32	17.56	19.36
3, махуэку	05.08	06.38	12.28	15.33	17.57	19.37
4, мэрем	05.06	06.36	12.28	15.34	17.59	19.39
5, щэбэт	05.05	06.35	12.28	15.35	18.00	19.40
6, тхъэмахуэ	05.03	06.33	12.27	15.36	18.01	19.41
7, блыщхэ	05.01	06.31	12.27	15.37	18.02	19.42
8, гъубж	05.00	06.30	12.27	15.37	18.04	19.44
9, бэрэжьей	04.58	06.28	12.27	15.38	18.05	19.45
10, махуэку	04.56	06.26	12.26	15.39	18.06	19.46
11, мэрем	04.54	06.24	12.26	15.40	18.07	19.47
12, щэбэт	04.53	06.23	12.26	15.41	18.09	19.49
13, тхъэмахуэ	04.51	06.21	12.26	15.41	18.10	19.50
14, блыщхэ	04.49	06.19	12.25	15.42	18.11	19.51
15, гъубж	04.47	06.17	12.25	15.43	18.12	19.52
16, бэрэж

Ди уэрэдхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ ятеухуауэ

● Іуэху еплъыкІэ

**Ди адыгэ уэрэд нэхъыфІхэм ящыщ зыбжанэхэр радиокІи телевиденэкІи щІэх-щІэхыурэ къат, ар фыщ. Уэрэдыр лъэпкъым и тхыдэщ, и гъуджэщ, и блэкІамрэ и къэкІуэнумрэ зэпызыщІэ «лъэмыжщ». Даур Аслъэн зэрыжИащи, «мывэ сынри мэкІуэдыж, мыкІуэдыжыр уэрэдырщ». ИкъукІэ мыхъэнэшхуэ иІэщ КъБэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэщ нэтынхэм. Ди телевиденэм и лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІ «Зы уэрэдым и тхыдэ», «49 пощт» нэтынхэми цІыху куэд йоплъ. Псом хуэмыдэу купщІэ хэлъщ ХьэпцІэ Аннэ игъэхьэзыр «Зы уэрэдым и тхыдэ» зыІутыр. Ар адрейхэм сыт и лъэныкъуэкІи фІыкІэ къахощ, цІыху куэдым ягу дыхьэу йоплъ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ и къызэгъэпэщыкІэкІи зи гугъу ищІ Іуэхугъуэкіи дагъуэншэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ Аннэ и лэжьыгъэм фІыщІи щытхъуи хуэфащэщ.

И МЫХЬЭНЭКІИ и купщІэкІи абы хуэмыдэми, «49 пощт» нэтынми еплъыр мащІэкъым, ар зэрырагъэкІуэкІымкІэ мыарэзыуэ куэди топсэлъыхь. Сэри абыхэм сащыщ зыщ. Псалъэм папщІэ, сэ икъукІэ емынЫу зыщІэ ужьбжьу кьемызэгъыу мыхъэльытэ зи ныбжьыр илъэситІ-щы фІэкІа мыхъуа сабийм папщІэ лъагъуныгъэ уэрэд къебгъэтыну. Хьэмэрэ, урысыбзэкІэ, иНджылызыбзэкІэ, хьэрпыбзэкІэ, осетиныбзэкІэ къыхурагъэт уэрэдхэм сыткІэ ахэр хуей? Мыбдежым псори гурыІуэгъуэщ: сабийкъэ щхьэусыгъуэ ящІурэ езы балигъэхэр зыхуей, яфІэфІ уэрэдхэр кърагъэту аращ. Къеэзэгъыкъым цІыкІухэм папщІэ кърагъэт уэрэдхэм мыхъумыщІэ дыдэхэр, гущыкІ уэзыгъэщхэр зэрыхэтыр. Абыхэм ящыщ уэрэд куэдыр адыгэ хабзэ, нэмысым, хьэпІ-щэным, щытыкІэ-зыІыгъыкІэм, кьинэмыщІ Іуэхугъуэхэми жьыжьэр гъунэгъуу кьеэзэгъыркъым. Уэрэд гутехуэгъуейхэм кьыдэфэу утыкум итхэм я зыхуэпэкІэри ди хабзэм кьемызэгъщ.

СымыгъэщІэгъуэн сльэкІыркъым Быштэ Азэмэт игъэзащІэ Іыгъуныгъэ уэрэд мыфэмыцыр цІыху куэдым ягу зэрырихьыр икІи сабийхэм «зыкъуагъапщІкІуэурэ» къызэрырагъэтыр. Уэрэдыр зыгъэзащІэ Быштэм макъ хъарэныпэ иІэщ, ауэ, ди жагъуэзэрыхьыщи, Іэдэбгъым хущощІэ. «Жьым утеу сосым уепыджкІэ» Іуэхур зэфІэкІыркъым. Уэрэдыр щигъэзащІэкІэ абы и зыІыгъыкІэм укъеГэуІэбжь, апхуэдизэ дэпкІей-дэлъеІм зыри хуэныкъуэкъым, уеблэмэ щхьэпсыфэ кьытрегъауэ. Уэрэдым и псалъэхэм ущІэдэІуэлэ, ар зэрыкупщІэнщэр гурыІуэгъуэщ. Пьагъуныгъэр лъагъуэкІ къыпхуэхьыныкъым, ар хьэл-щэн дахэкІэ, цІыхугъэ лъагэкІэ, гулыытэ инкІэ, пэжыгъэ нэскІэ къэлэжьын хуейщ.

«49 пощтыр» езыгъэжькІэхэр хьуэхъуэхэм кьыщеджакІэ щыуагъэ гуэрхэр щІэщІэкІ щыІэщ. Псалъэм папщІэ, хъуэхъум кьыщеджакІэ абыхэм жаІэ зы илъэс е илъэситІ зи ныбжь сабийхэм кьыщалъхуа я махуэр ягъэлъапІэу. Уегупсысмэ, а ныбжьым ит сабийм и махуэр игъэлъапІэфынукъым, ар хуагъэлъапІэу аращ. Хьуэхъум кьыщеджакІэ «хуагъэлъапІэ» псалъэрщ жаІэн хуейр. КьыщынэмыщІауэ, щаІэщІэкІ щыІэщ мыпхуэдэ щыуагъэхэри: тІэурэ-щэрэ «мы уэрэд дахэр ныдот» жаІэурэ абы и пІэкІэ кьафэ кьагъэлъэгъуащ, сурэтхэр щызэхагъэззэрыхьи щыІэщ. Абыхэм нэхъ набдзэгубдзапІъуэ кІэлъыплъыпІэщ.

Иужьрей илъэсхэм уэрэджыІакІуэфІхэр кьэунэхущ, ахэр цІыхубэм фІыуэ илъэгъащ. Зи макъ зэхахьну нэхъыбэрэ цІыхухэр зыщІэлъэлъхэм ящыщщ Нэхущ Чэрим, Хьэрэдурэ Динэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Шумахуэ Хьэзрэ»Іл, Тхьэзэплъ Залинэ, Бэрэгъун Марьянэ, Быштэ Азэмэт, Уэзрокъуэ Чэрим, Аслъэн Іэсият, ЦокІыл Азэмэт, Бекъул Аслъэн, Хьусин Анзор, ТхьэкІумащІэ Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэри.

СфІэгъэщІэгъуэнщ ди уэрэджыІакІуэ гъуэззэджэхэу Ало ЛутІэ, Къардэнгъущ Зырамыку, Къуныжь Хьэждал, Бэрэгъун Владимир, Мэремыкъуэ Хьусен, КІуж Борис, Сосмакъ Валентинэ, Уэтэр Анатолэ, ПащІэ Ахьмэд, Щомахуэ Хьэсэнбий, Пщыгъуэш Юрэ, ШэджыхьэщІэкэ Полэрэ Аслъэнбийрэ, Мэремкъуэн Мэржанэт сымэ ягъэзэщІа уэрэд цІэрыІуэхэм щыщхэр къыргъэтыну ди цІыхухэр зэрыщІэмыльэІур. Ди щІэблэм ахэр яцІыхуу, я творчествэм щыгъуазэу, я фэеплъыр яхъумэу къэгъэхъун хуейщ.

Ди уэрэдхэм я псалъэхэми сыкъыгурыІуэну сыхуейт. Ахэр зэрызэхэзгъэувар емыкІуу е ящІэлъ псалъэхэм ящыщ гурхэр щыхэмызагъэ щыІэщ. Уэрэдым гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ зэриІэр Іуэхум кьыхэтлъытэмэ, ар, дауи, кьезэгъыркъым: адыгэбзэр кьабзэн хуейщ. Иджы си гугъу тщІа Іуэхугъуэхэм щыхьэт техъуэ щытмэ, зыбжанэ кьэтхьынщ. Япэу и гугъу тщІынщ нэхъапэ кьежьахэм, щІэрыІуэ хъуахэм ящыщ «Сэрмакъдэсхэм я уэрэд» жыхуаІэм. Мыр етІощІанэ іІэщыгъэм и тхущ гъэхэм кьежьа уэрэдщ. Псалъэхэр Ахьмэт Щэлэуат, макъамэр Джатэжьокъуэ Борис. Мы уэрэдыр щІэх-щІэхыурэ радиомкІи телевиденэмкІи кьат.

Иужьрей зэманым уэрэдыр макъ гурыхькІэ егъэзащІэ Тхьэгъэлэдж Светланэ, абы и псалъэхэм щыщІэныгъэ мащІэхэр яІэу. Уэрэдым и псалъэ пьчыгъуэхэм тепщІыхьмэ, «щхьэ» псалъэм и пІэкІэ «щым» жаІамэ нэхъыфІт. Щэлэуат зэриттхауэ щытари апхуэдэущ: «щымыр» – «щхъ» щІэхъуар гурыІуэгъуэкъым. АдэкІэ «Сэ аргуэру унэм сыкъокІуэж» - жыхуиІэр тэмэмкъым. «Аргуэру» псалъэм лиринеск лЫхъужьыр Балъкъ Іуфэм зыбжанэрэ кІуаеу къокІ, ауэ ар пэжкъым. Ззщ зэрыкІуар. Абы кьыхэкІкІэ, «кьызэогъаззэри унэм сыкъокІуэж» - жыІамэ нэхъыфІщ.

Дызэрыщыгъуаззщи, Шэджыхьэщіэ Хьэмыщэ и Іэдакъэм Хьэщіэкіа уэз куэдым макъамэ щІэлъхьащ. А уэрэдхэм ящыщ куэдыр цІэрыІуэ хъуауэ радиокІи телевиденэмкІи щІэх-щІэхыурэ кьат. Хьэмыщэ и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэм яхэтщ гугу зыхуэмызэгъэхэр, псалъэ щхьэхуэхэр зыхэт щІыпІэм деж щыхэмызагъэ, и мыхьэнэ ельытакІэ кьыщемызэгъ е псалъэ ІэрыщІхэм ущрихьэлІэ. «Сэ си гум укъинащ» уэрэдым «пхъэгулъыр щоГагъэрэ» жиІэу хэтщ. Дызэрыщыгъуаззщи, пхъэгулъыр гъагъэркъым, атІэ пхъэгулъейращ. «Фыыуэ слъагъу щІалэ» уэрэдым мыгурыІуэгъуэу тІэунейІрэ хэтщ «сыпІэхъуэр» псалъэм. Хьэмыщэ щІалэм лъыхъу хабзэкъым. Мыбдежым хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, «сольыхьуэ махуэми» - жыІэн хуеящ. Армырамэ, мыбдежым «сыпІэхъуэр» псалъэр хэзагъэркъым. «Лъагъуныгъэ щыІэщ» уэрэдым «Сэ си гур есыр, есыр лъагъунигъэ щыІэм, Лъагъунигъэ щыІэ гуащІэкІейм» - жиІэу кьыщІедзэ, ауэ ар тэмэму къэплъытэ кьунукъым. Мыр, дауи, щыуагъэшхэщ. Лъагъунигъэ щыІэм гуныкъуэгъуэ кьуитынущ, уигъэбэмпІэнущ, уеблэмэ гупщІэуэ кьыхэпхьыкІи хъунущ, ауэ «пьагъунигъэ щІыІэм» зэи укъисыгъкъым икІи укъилыпщІынукъым. Ар, дауи, хэти ещІэ. ЩІыпІэмрэ лъагъунигъэмрэ зупх хъунукъым. Лъагъунигъэр мычэму «пщтырщ», «гуащІэу щыт хабзэщ».

ЩІэрыІуэ хъуа, цІыхубэм фІыуэ яльэгъуа, гъэсэныгъэ-ущиныгъэ зэ мыхьэнэ ин зиІэ уэрэд купщІафІэ куэд иІэщ мэкъамэтх Іэззу щыта Тхьэбысым Умар. Абыхэм ящыщ зыщ «Жьым фымыщІ и жагъуэ» уэрэд гуэззэджэр. Абы и псалъэхэр Гъубж Мухьэдин ейщ. ГурыщІэр кьызэщІалэтэу, фІым, дахагъэм, цІыхугъэ лъагэм, пэжыгъэм укъыхуагъэуэу зэхилъхьащ ар. Псалъэхэм яхуэфащэ макъамэ гурыхь щІилъхьащ Тхьэбысым Умар. Псалъэ шэрыуэхэмрэ макъамэ гуакІуэмрэ зэхэжьыхьри, уэрэдыр зы «Іэпкъэпкъ» хъуащ. Ар зыкъомкІэ нэхъ гурыхь икІи щІэщыгъуэ ещІ Іэззу икІи икъукІэ гурыхьу езы Тхьэбысымым зэриГэзащІэм. Умар нэмыщІ мы уэрэдыр фІы дыдэу жаІэ Мэремыкъуэ Хьусен, Нэхущ Чэрим, ТхьэкІумащІэ Аслъэн сымэ. Кьыхэпхьнур умыщІэу, жьхуаІэм хуэдэу, уэрэдыр псоми фІы дыдэу яГъэзащІэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и псалъэхэм щыщІэныгъэ мащІэхэр зэраІэм псоми гу лъатакъым. Пьчыгъуэ уэрэдыр и ещанэ едзыгъуэм «намыс» псалъэм зэкІэлъыкІуэу тІэу кьызэрытригъаззэр кьекІуркъым: «Уэ ухуеймэ пщІэ, нэмыс, жьы хъуа цІыхум хуэщІ нэмыс». Абдежым мыпхуэдэу жьІамэ нэхъ тэмэму кьыщІэкІынт: «Уэ ухуеймэ пщІэ, гуныс, жьы хъуа цІыхум хуэщІ нэмыс».

Кьыкіэлъыкіуэу, усэм и еханэ едзыгъуэм хэт «хэлъкъым» псалъэм и пІэкІэ «ищІкъым» жьІамэ, нэхъыфІт («жьы-гъэм ищІкъым зэхэгъэж»).

Дэтхэнэ зы уэрэджыІакІуэми нэуфІыщІхэрыуэу кьыщтэу уэрэдыр игъэзащІэн хуейкъым. Къыхуагъэпъэгъуэ уэрэдым зыгуэр хилъагъуэмэ, ар утыкум кьрихьэн ипэкІэ, уэрэджыІакІуэр дэлэжьэн хуейщ усакІуэми мэкъамэтхми. Иджы, ялэм хуэдэу, хуэсоет щыщмыІэжкІэ, зи щхьэм пщІэ хуэзэпщІыжьу уэрэджыІакІуэр набдзэгубдзапІъуэ хуэныкъуэ. Къыхуагъэпъэгъуэ уэрэдым зыгуэр хилъагъуэмэ, ар утыкум кьрихьэн ипэкІэ, уэрэджыІакІуэр дэлэжьэн хуейщ усакІуэми мэкъамэтхми. Иджы, ялэм хуэдэу, хуэсоет щыщмыІэжкІэ, зи щхьэм пщІэ хуэзэпщІыжьу уэрэджыІакІуэр набдзэгубдзапІъуэ хуэныкъуэ. Іуэхугъуэ уэрэдхэм Гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ яІэнымкІэ, абыхэм яГъэзащІапхъэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэмкІи ЩомахуэХьэсэнбий и уэрэд нэхъыфІщ щапхъэу бгъэльагъуэ хъунущ икІи ар егъэлеякъым.

Иужьрей зэманым диІэ хъуащ адэанэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, цІыху щхьэхуэхэм, адажь щІынальэм, хэкум, Налшык къалэм теухуа уэрэд хъарзынэхэр. Ахэр зэрэщащІэ ди уэрэджыІакІуэ нэхъыфІщэу Мэремкъуэ Хьусен, Уэтэр Анатолэ, Пащ1э Ахьмэд, Бэрэгъун Владимир, Зеущэ Іэуес, Нэхущ Чэрим, ТхьэгъэлэджСветланэ, Тхьэзэплъ Залинэ, ЦокІыл Азэмэт, Шумахуэ Хьэзрэ»Іл, Уэзрокъуэ Чэрим, Бэч Азэмэт, Лий Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэми. Хьэмэрэ сыт и уасэ ТхьэгъэлэджСветланэ, Тхьэзэплъ Залинэ, Нэхущ Чэрим, ЦокІыл Азэмэт сымэ адэ-анэхэм, анэшхуэхэм ятеухуа уэрэд Іуэгъэзджэхэр яГъэзащІэу уедэІуэну?!

«Си адэ» уэрэдыр ТхьэзэпІъ Залинэ игъэзащІэн зэрыщідзэрэ куэд щІакъым, итІанэ зэман кІэщІым ар цІыхубэм фІыуэ ялъэгъащ. Къыщыхъу щыІэщ а уэрэдыр тІэурэ-щэрэ зы пщыхьэщхьэм къыщыгъащ. Уэрэдыр гум ехуэбылІэу, и макъамэр дахэу зэрыщыІтырщ, уэрэджыІакІуэм сыт и лъэныкъуэкІи ар фІыуэ зэриГэзащІэрщ абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. Апхуэдизу щытми, мы уэрэдми и псалъэхэм зэхъуэкІыныгъэ мащІэхэр хэлъхьэн хуейуэ кьысщоихьу. Псалъэм папщІэ, «уи бзэ Іэфым сыщымыщІэурэ» псалъэхэм я пІэкІэ «уи цІыхугъэм сыщымыщІэурэ» жьІамэ нэмыс. «ЩІыпІэ» псалъэм Іэдакъэ и пщІэр куэдкІэ нэхъ лъагэу еІэт. АдэкІэ «сыхъужами сэ балигъ, си адэ» псалъэхэр щыуагъащ, «сэ иджы балигъ сыхъуами, си адэ» жьІэпхъэщ. Кьыкіэлъыкіуэу «уи чэнджэщхэр дамэ схуохъу» псалъэхэр «Уи чэнджэщхэр сэбап сохъу» жьІуиІэкІэ зэпхъуэкІмэ, нэхъ къозэгъ. «Дамэ схуохъу» псалъэр (идиомэр) цІыху кьызэрыгэкІхэм кьаззэрыгурымыІэным щхьэкІэ «сэбэп схуохъу» жьІэпхъэщ.

УэрэдыфІхэмрэ уэрэджыІакІуэ Іэззэхэмрэ куэдкІэ нэхъыбэ хъуну икъукІэ си гуапэщ. Пьэпкъыр зыгъэдэхэн уэрэдхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ куэду Тхьэм кьыдит! Дызэрыт зэманым уэрэджыІакІуэфІ дыдэхэр кьызэрыунэхуам гур хегъахъуэ, псэр егъэгуфІэ. КуэдкІэ узыщыгуГэ хъун уэрэджыІакІуэхэу кьысфІощІ Бэч Азэмэт, Бекъул Аслъэн, Бэрэгъун Марьянэ, Нэхущ Чэрим,ТхьэгъэлэджСветланэ, Тхьэзэплъ Залинэ, ТхьэкІумащІэ Аслъэн, ЦокІыл Азэмэт, Уэзрокъуэ Чэрим, Быштэ Азэмэт сымэ. Мыбдехэми нэхъыфІыжкхэр кьаззэрыкІэлъыкІуэнум шэч хэлъкъым.

ЕРЖЬІБ Аслъэн,
педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат.

Карчаевэ Аминат и псалъэ гуапэ.

«Бгырыс бзылъхугъэхэр»

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Щэнхабзэм зегъэужьыныкІэ «Кавказым и мамырыгъэ» жылагъуэ фондым къызэригъэпэщащэу иджыблагъэ КъБР-м и Лъэпкъ музейм гъэлъэгъуэныгъэ кьыщызэІуахащ. Утыкум кърахьа сурэтхэм бзылъхугъэхэр зыгъэпІейтей, зыгъэ-нэщхьей, зыгъэгуфІэ гуэрхэмкІэ къыбдэгущІыкъуэ пщагъэхъуат, «къомыпсальэу» зыри яхэтэкъым.

ДАХАГЪЭМ, щыпкъагъэм и щапхъэ, нэмысыр зи хабзэ, уІыгъэр зи нэкІу, усакІуэхэр зыхуэусэ бгырыс бзылъхугъэм сыт хуэдэ гугъуэхэ ильэгъуами, и хьэл нэхъыфІхэр зэи ихьуэжакъым. ЩІыуэпскІэ, щэнхабзэкІэ пІтыьфабз щІынальэм щыпсэу лъэпкъэм я ЗЗДАЙ хабзэхэм ящыщщ цІыхубзым ящыщ ныр, и щІыхьыр хъумэныр. А Іуэхугъуэхэм щыхьэт тохъуэ лъыкІэ зэбий цІыхухъухэр абы зэрызэриГэкІуэжьыр, ар щыту ину зэрымыпсальэр, хьемыкІ жамыІэным зэрыхуэсакъыр, нэгъуэщІхэри.

Бгырыс пщащэхэр дикавказ дэта бзылъхугъэ училищэм щеджажьмэ щылэжьахэмрэ, япэрей бгъэныщхьэ унэм, нартыху дум, нэгъуэщІ гъэщІэгъуэн куэдми сурэтхэм ущрохьэлІэ.

Экспозицэр Москва, Мэхъэчкъалэ, Владикавказ зэрыщагъэльэгъуар, ар цІыхухэм ягу зэрырихьар жиІащ Пьэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** выставкэр кьыщыхэІуихым.

- Мы сурэтхэм бзылъхугъэхэм я гъащІэр, дуней тетыкІэр, псэукІэу яІар псалъэншэу кьаІуатэ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Аминат**. - Сурэтыр зытракам и гукъыдэжьщ, псэукІэр, хьэлыр кьытощІыж. Унагъуэ жьэгум и хуэмакІуэ бзылъхугъэм и пщІэр кьыпхуэмылъытэным хуэдизт, ар нАІуэ пщащІ утыку кьрахьакъым. Гъэлъэгъуэныгъэр кьызэзэІуэпэщажьэм блэкІам дыІуплъэну кьыдата Іэмалым папщІэ фІыщІэ яхузощІ.

КъБР-м и сурэтыщІэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий** гъэлъэгъуэныгъэм зи гуащІэ езыхьэлІа псоми псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ икІи кьыхигъэщащ абы и кьызэгъэпэщакІуэ, «Кавказым и мамырыгъэ» фондым и унафэщІ Соскиев Владимир щэнхабзэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІыр.

- Гъэлъэгъуэныгъэ телъыджэмкІэ ди республикэм щыпсэухэм сехъуэхъуну сыхуейщ, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм КъБР-м и Парламентым и депутат **Бечеловэ Людмилэ**. - Мы сурэтхэм ди тхыдэ лъагъуэхэм, хабзэжьым, пасэрей псэукІэм щыгъуаз хуащІ. Бгырыс бзылъхугъэм хужьмаІа псалъэ дахэ кьагъэтыгъуейщ, ахэр абы кьызэралэжььам щыхьэт тохъуэ тлъагъу сурэтхэр.

СурэтыщІ **Урым Руслан** жиІащ гъэлъэгъуэныгъэр игу зэрырихьар, абы кьыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр куэд кьыбжезыІэ щэнхабзэ джэрпэджэжу кьызэриІуатэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*


Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлІахэр.

Бахъсэндэсхэм пашэр яхъуэж

● Футбол

Куэдым хуамыгъэфэщащэу ирухащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэм хьыхьэ «Мурбек»-мрэ «Автозапчасть»-мрэ я зэІуэщІэр. Бахъсэндэсхэр абы щытекІуэри, зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъыр яхъуэжащ.

«МУРБЕК»-м пасэІуэу зыхуигъэхьэзырыр щІидзауэ къыщІэкІынущ дызыхуэкІуэ тхъэмахуэм «Звезда»-м зэрыІуІэнум. Абы щызэхэкІыну хуагъэфащэ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІымахуэ чемпионыр хэтми. Арщхьэкіэ бжьыпэр зыІыгъахэр «Автозапчасть»-м игъэльэпэрэщащ. Иджы очкоитІкІэ япэ ища «Звезда»-р зыхуеижыр зы мащІэ дыдэщ и нэгъабэрей чемпионыгъэр ихъумэн папщІэ. ДжэгуГуэ кІуам «ЛогоВАЗ»-р зэрыщихигъэщІам абы и Іэмалхэр куэдкІэ нэхъыбэ ещІ.

Зэрызехьэщхуэ щекІуэкІыр пашэхэм я деж и закъуэхъым. Зыри хуейкъым кьыкІэрыху командитІым языхэз хъууэ гуп нэхъыщхьэр ибгынэну. Иджыри къэс зэ фэкІа темыкІуэфа КъБКъУ-м и Спортфакъым етІуанэу ехьулІэныгъэр зыІэригъэхъэри, иужь дыдэ увыпІэм зэкІэ кьикІащ. Ар лъысащ аргуэру хагъэщІа «Кэнжэ»м. «ЛогоВАЗ»-ри абы зэрыщыхьэщыкІа щыІэкъым. Псори, дауи, щыхьэкІынур кьэнэжа джэгуГуитІращ.

Гъуащхьаухэм я зэпеуэм бжьыпэр щызыІыгъэр тхъэмахуэ кІуам кьыхэжакІыкІыфакъым. Абы кьыхэкІыу «Мурбек»-м и пашэ Къалмыкъ Амур топ 17 зэрыдагъэкІаущ кьэнэжащ. «Къэхъуным» и гъуащхьаущ ЩащІэ Беслъэн кьызэрыхэжанЫкІар 12-рэщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэІуэщІэхэм кьарикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Школа №31»** (Налшык) - **0:2**, **«Спартак-Школа №31-Д»** (Налшык) - **«Спарта»** (Налшык) - **1:2**, **«Союз»** (Налшык) - **«Шагъдий»** (Зекиъуэ) - **2:1**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Мурбек»** (Налшык) - **1:0**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **1:2**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Звезда»** (Налшык) - **0:1**, **«Спортфак КъБКъУ»** (Налшык) - **«Юг-Полимер»** (Бахъсэн) - **3:2**, **«Спартак-Налшык 1999»** (Налшык) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **0:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Звезда»	13	11	2	0	31-4	35
2. «Мурбек»	13	11	0	2	28-13	33
3. «Школа №31»	13	9	0	4	23-13	27
4. «Союз»	13	8	2	3	24-20	26
5. «ГорИс-Кавказкабель»	13	8	1	4	29-21	25
6. «Къэхъун»	13	7	4	2	19-9	25
7. «Спартак-Шк. №31-Д»	13	7	0	6	19-14	21
8. «Шагъдий»	13	5	2	6	22-21	17
9. «Спарта»	13	5	2	6	17-21	17
10. «Автозапчасть»	13	5	2	6	21-18	17
11. «Юг-Полимер»	13	3	5	5	17-28	14
12. «Спартак-Налшык 1999»	13	2	4	7	12-16	10
13. «Велес»	13	2	4	7	17-27	10
14. «Спортфак КъБКъУ»	13	2	1	10	15-30	7
15. «ЛогоВАЗ»	13	1	3	9	12-28	6
16. «Кэнжэ»	13	1	2	10	7-30	5

● Гу зылъытапхъэ

Гъуазджэм дихьэххэр

Музыкэ къэрал театрым мазаем и 19-м сыхьэт 19-м фрегъэблагъэ
Листов К. и «Севастопольский вальс» опереттэм.
УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ
мы телефонымкІэ: 77-42-08

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьыкІэ секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, ХьэжыкъарэАлик, ЩхьэпэщмыщІ Иза.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхугъ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныигъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Табыш Динарэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 2-нэ нап.),* ПхьитІыкІ Азэмэт *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.010 ● Заказ №207